

FÈ DEKLARASYON ENPO OU GRATIS!

Resevwa èd gratis pou fè deklarasyon enpo ou sou entènèt oswa nan yon sit VITA
(Volunteer Income Tax Assistance, Èd Volontè pou deklarasyon enpo sou revni)!

Ou gendwa kalifye pou kredi enpo federal tankou Kredi enpo sou revni reyalize (Earned Income Tax Credit, EITC) ak Kredi enpo pou timoun (Child Tax Credit, CTC) epi kredi Eta tankou California EITC (CalEITC) epi Kredi enpo pou jenn timoun (Young Child Tax Credit, YCTC) ki ka remete lajan nan pòch ou. Preparatè deklarasyon enpo ki fyab nou yo ap wè si w kalifye pou lòt kredi enpo ki disponib pou ogmante ranbousman w omaksimòm oswa redwi montan ou dwe a. Kite nou ede w jwenn lajan ou merite a!

Ou gendwa kalifye pou èd GRATIS pou fè deklarasyon enpo avèk yon preparatè ki ekspè nan deklarasyon enpo.

Ki moun ki kalifye?

Moun yo/fanmi yo, ansanm ak moun ki fè deklarasyon enpo ak Nimewo Idantifikasyon Endividyèl Kontribyab (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN), ki touche:

- **\$1- \$70,000 nan yon** ane ka jwenn èd pou fè deklarasyon enpo gratis epi yo gendwa kalifye pou reklame kredi enpo federal
- **\$1- \$32,900 nan yon** ane gendwa kalifye pou lòt kredi enpo Eta

Sa Ou pral Bezwen

- ID ki gen Foto
- Kat Sekirite Sosyal oswa ITIN pou tèt pa w ak tout depandan ou (yo)
- Dokiman revni, sa gen ladann tout W2 yo oswa 1099 yo
- Enfòmasyon kont labank pou depo otomatik
- Relve frè ekolaj oswa enterè sou prè etidyan
- Dat kouvèti asirans sante pou tèt pa w ak pou tout depandan ou (yo)

Fason pou Deklare

- **Rele 2-1-1** oswa ale sou **myfreetaxes.org** pou w wè si w kalifye epi pou w pran yon randevou.
- Gen sèvis preparasyon deklarasyon enpo ki disponib nan plizyè lang.
- Moun ki kalifye yo ka resevwa èd pou deklarasyon enpo fizikman oswa fè deklarasyon enpo sou entènèt gratis lè yo ale nan myfreetaxes.org.



Rele nan 2-1-1
oswa vizite
myfreetaxes.org
pou jwenn plis
enfòmasyon!

SAN DIEGO COUNTY
EITC
Earned Income Tax Credit
COALITION

Moun ki pote pwogram sa a pou ou se Kowalisyon EITC nan Konte San Diego an ak patnè annapre la yo:

